



# Chwazi ak Mete yon Mask

Li enpòtan pou mete yon mask sou bouch ou, sou nen w ak manton w pou ede evite pwopagasyon COVID-19 la kote yo bay konsèy oswa mande pou mete yon mask.



**Mask an twal:**  
Mask an twal yo dwe gen plizyè kouch twal ki koud sere ak yon fil sou nen.



**Mask Ki Pou Jete:**  
Chèche Mask ki pou jete ki gen yon fil sou nen an.



**Mask ki filtre:**  
KN95 ak N95 se mask ki filtre. Kèk nan mask N95 fèt espesyalman pou pèsonèl swen sante a.



**Mask N95 chirijikal ki filtre:**  
Mask N95 chirijikal ki filtre fèt espesyalman pou pèsonèl swen sante a.

## Kòman pou mete yon mask: Li dwe byen ajiste ak filtre

**Bon kondisyon: Tout mask yo dwe pwòp, sèch ak nan bon kondisyon.** Anvan w itilize mask ou a, verifye li pa gen twou oswa kòd la pa lach. Asire w mask ou a pwòp epi li sèch. Si mask ou a kapab lave, asire w lave l regilyèman. Si li pou jete, voye l jete lè mask la sal, andomaje, oswa ou gen difikilte pou respire ladan li.

**Byen ajiste: kèlkeswa mask ou mete a, asire w li byen ajiste epi pa gen espas.** Espas yo kapab fèt si mask la pa gen yon bon gwosè, si li pa byen mete, oswa si gen pwal nan figi w ki deranje l.

### Kouvri nen w ak bouch ou avèk mask la.

- Li enpòtan pou verifye si mask la byen ajiste sou nen w, bouch ou, ak manton w.
- Tout mask yo dwe gen yon fil sou do nen an pou byen sere pati anlè mask la sou do nen w.
- Verifye pa gen espas pandan w ap mete nen w sou bò deyò mask la. Asire w pa gen okenn lè ki sòti nan zòn ki bò zye ou yo oswa sou kote mask la.
- Si zanno yo twò long, fè yon ne sou chak bò pou fè yo vin pi kout.
- Si se mask la li menm ki twò gwo, pliye ak rantre materyèl ki pa itil yo sou kote.